

REGIPIOEN LENGGANAN
 SWARA - TAMA :

1 taoen	f 6.—	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 "	f 3.—	
3 woelan	f 1,50	

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja	f 36.—
1/2 "	f 18,65
1/4 "	9 75.
1/8 "	f 5,25.

Saladjengipoen : saben 1 cm² . . . f 0,03;
 sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1.—
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
 san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
 roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemowah. ==

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE
 DJOKJAKARTA
 Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“, Djokja.

N. I. O. G. MANGSAH JOEDA.

P. G. H. B. KAANGGÉ MARGI.

(Telas-telasan.)

(Wangsoelan saking V. B. P. G. H. B.)

Sanget ing panoeuwen kita, redaksi Sw. T., déné V. B. P. G. H. B. karsa nanggapi panjarowénipoen redaktoer kita A. S. D. prakawis anggènipoen P. G. H. B. toemoet njebaraken boekoepoen N. I. O. G. amerangi Confessioneel Onderwijs. Katranganipoen V. B. P. G. H. B. ingkang soeka soesoeloh dateng tijing katah sanget kita aosi. Kritik ingkang amrih saé, pantjen pantes dipoen-gatosaken.

Mangga wangsoelanipoen V. B. P. G. H. B. ing ngandap poenika sami dipoen-gatosaken:

Dalam Sworo Tomo tanggal 13 Februari 1931, no. 7 dan 27 Februari 1931, no. 9, telah kami batja artikel yang berkepala sebagai diatas.

Akan isinja barangkali ta'perloe kami oeraikan lagi, karena sekalian toean-toean pembatja temtoe telah ma'loem.

Teroetama kami oetjapkan banjak terima kasih kepada sd. Atmosoedarmo yang soedah memberi penerangan tentang pendirian V. B. P. G. H. B. dan kami dapat menerangkan dengan sedjelas-djelasnja, bahwa segala keterangan dari sd. Atmosoedarmo itoe memang sebenar-benarnja.

Sampun masa jni P. G. H. B. selaloe berdiri neutral, tidak membeda-bedakan agama, dan selama V. B. P. G. H. B. yang sekarang memegang pimpinan, P. G. H. B. akan tetap dalam pendiriannya itoe.

Meskipun doedoeknja perkara soedah dengan sedjelas-djelasnja diterangkan oleh sd. Atmosoedarmo, kami rasa perloe djoega memboeat lagi barang sekadarnja.

Karena kesiboekan pekerdjaan oentoek kongres, maka V. B. waktoe menerima boekoe selebaran itoe, tida berkesempatan oentoek memriksai isinja, hanja karena tidak ada sangkaan bahwa didalamnja terkandoeng benih² yang dapat menerbitkan sjak hati kepada salah satoe golongan anggauta P. G. H. B., maka dengan tida tjemboeroean lagi, penjaran boekoe selebaran itoe didjalankan.

Tetapi ketika kami poelang dihotel, sambil melepaskan lelah iseng² menengok isi boekoe itoe, boekan main terkedjoet dan sajang kami.

Pada waktoe itoe baroelah kami tahoe, bahwa langkah yang soedah kami djalakan bersalahan benar dengan pendirian P. G. H. B.

Sebab itoe kamipoen meras² wadajib haroes memberi keterangan dalam kongres. Demikianlah maka sd. Prawira di Nata minta dengan sangat soepaja penjaran itoe dipandang sebagai tidak didjalankan, dan boekoe itoe bagi kita dipandang sebagai tidak ada.

Boeat menjatakan lebih djelas, bahwa kami sekali-kali tida memihak kepada actie N. I. O. G. terseboet, dengan senang disini kami akan memberi keterangan lagi

Pada waktoe N. I. O. G. tjabang Betawi akan mengadakan Openbare vergadering dengan maksoed memperbintjangkan actienja terhadap kepada confessioneel onderwijs kami poen diminta djoega datang ke vergadering itoe, tetapi dengan keras kami katakan dihadapan voorzitter N. I. O. G. afd. Betawi dan beberapa orang H. B. leden N. I. O. G. bahwa permintaan itoe tidak dapat kami loeloeskan.

Kami terangkan bahwa keadaan P. G. H. B. berlainan sekali dengan N. I. O. G.

P. G. H. B. yang memeloek segala golongan goeroe bangsa Indonesia dengan tida membeda-bedakan agama, tentoe tida dapat dan tida boleh toeroet tjampoer kepada actie N. I. O. G. itoe.

Kata voorzitter N. I. O. G. tjabang Betawi: „Toean tiada oesah berkata, asal sadja datang mengoendjoengi vergadering itoe.”

Kata kami: „Itoe poen tiada dapat, karena kedatangan sadja poen boleh dipandang menjetoedjoei pembijaraan disitoe.”

Kata Voorzitter N. I. O. G. tjabang Betawi: „Kalau begitoe baiklah wakil tjabang P. G. H. B. Betawi sadja jang datang.”

Djawab kami: „Oleh karena kami tahoe, tentoe kami akan berseroe kepada tjabang P. G. H. B. Betawi, soepaja menolak djoega, karena kami merasa haroes djoega menangoeng djawab atas langkah tjabang.”

Kata voorzitter tjabang N. I. O. G.: „Kami akan berdamai dengan voorzitter H. B. soepaja berchtiar memboeat pertjerain didalam P. G. H. B. antara neutrale onderwijs dan confessioneelle onderwijs, oepamanja dengan memboeat serie artikelen dalam de School.”

Kata kami: „Segala ichtiar boleh toean lakoekan, tetapi kami yakin bahwa pekerdjaan itoe akan sia² belaka. Persatoean dalam kalangan kita soedah tetap dan kokoh benar ta'akan dapat digontjangan-gontjangan lagi.”

Dengan ini tjoeokoeplah kiranja akan meloekiskan bagaimana pendirian V. B. P. G. H. B. terhadap kepada mas'alah itoe.

Tentang keterangan lain-lainnja kami persilahkan toean² pembatja menengok lagi karangan sd. Atmosoedarmo yang kami hargakan tinggi sekali.

Kami keraskan seroean sd. itoe sekali lagi: „Marilah sd.-sd. kaoem goeroe Indonesia seloeroehnja, te goehkan dan kokohkanlah persatoean kita, djangan datang kita di toesoek-toesoek oentoek bertjerai, jang hasilnja tidak lain hanja akan memlemahkan tenaga kita.

Wasalam
 V. B. P. G. H. B.

Makaten katranganipoen V. B. P. G. H. B.

Katrangan poenika, badé kinepékan wonten djagad Confessioneel Onderwijs.

Sw. T. ingkang kapengker nge-wrat wangsoelanipoen A. S. D. soeraosipoen neda semboelih dateng P. G. H. B. anggènipoen conf. onderw. saja kapitoenan margi P. G. H. B. toemoet njebar boekoe N. I. O. G. merangi conf. onderw.

Saben tijing mangertos kapitoenan ingkang dipoenkadjengaken A. S. D. ing ngrikoe boten kok a-woedjoed arta oet. barang. Sarta sinten ingkang setiti pamaosipoen mangertos boten kok A. S. D. mastani asaling kapitoenan namoeng margi P. G. H. B. Nanging tindakipoen P. G. H. B. waoe andjalari golongan conf. onderw. saja kapitoenan. Dados terangipoen P. G. H. B. gadah eereschuld dateng kalangan conf. onderw.

Sapoenika, sasampoenipoen maos panjarowénipoen A. S. D., Verbondsbestuur P. G. H. B. ladjeng njoekani katrangan sarana kaserat; damel schriftelijke bekenenis, angkeni lepatipoen. Inggih schriftelijke bekenenis saking V. B. P. G. H. B. poenika ingkang adji. Lan margi katrangan schriftelijk poenika, samangké kita mangertos terang, saja terang, bilih P. G. H. B. boten béring dateng N. I. O. G. katitik saking tindakipoen kala kapoerih andatengi openbare vergadering adanipoen N. I. O. G. angrembag aksi-

nipoen toemrap conf. onderw. — Kita mangertos, poenapa ingkang kawastanan pitoena ing kalangan conf-ond. waoe; kita mangertos poenapa ingkang nama eereschuld, amila kénging kawastanan nama sah manawi kita inggih pikantoe eeresaoeran. Habis perkara!—Mila soepados boten kepandjang - pandjang, kanti angéngeti saéning prakawis. . . rembag P. G. H. B. lan brochure N. I. O. G. poenika kita tjoentel doemoegi semanten kémawon. Katrangan sarana: kaserat, saking P. G. H. B. pijambak poenika kémawon, samia kita simpen ingkang premati.

Dateng P. G. H. B. kita neda soepados ing saladjengipoen ingkang langkoeng ngatos - atos, aneroesna anggènipoen djoemeneng bapa awatak adil, sampoen ngantos tindakipoen damel boten sakétjanipoen salah satoenggiling anak.

Woesana saking Sw. T. kita ngoewoeh amrih widadanipoen djagad goeroe, mawi temboengipoen

V. B. P. G. H. B. pijambak kaseboet nginggil:

„Marilah saudara-saudara kaoem goeroe Indonesia seloeroehnja, te goehkan dan kokohkanlah persatoean toean, djangan dapat toean-toean ditoesoek-toesoek oentoek bertjerai jang hasilnja tidak lain hanja akan memlemahkan tenaga toean”

Kanti djoedjoer lan leganing manah tetemboengan V. B. P. G. H. B. poenika kita oetjapkan saking Sw. T., djer kita inggih mangertos, manoennggil poenika perloe sanget kanggé kamoeljaning bangsa lan siti kalahiran.

Verbondsbestuur P. G. H. B! Mangga sami sasarengan njamboet damel kanggé perloening bangsa lan siti kalahiran, pandjenengan medal margi pakempalan pandjenengan P. G. H. B., kita medal margi journalistiek ing Sw. T. ngriki.

Onze nationale saluut.

Redaksi Swara Tama

ISINIPOEN.

N. I. O. G. Mangsah joeda — Boedi-Oetama santoen gagrag — Rajat Indonesia lan Ekonomi — Sapoejtjaking panggoeng Ekonomi — Djagad wanita — Goentingan pers — Kabar pakempalan — Kabar saking Betawi — Ontjen sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Kg. Paus, . . . abdi dalem njoewoen kapegataken.

Soelistryaning warni saged amblo-
 loki. Gebjaring boesana amblerengi.
 Wingwinging sarira adamel sar-sar-
 aning manah. Kewesing tenaga adamel
 ngloempoecking bajeonipoen ingkang
 kados radèn Trintjingwesi. Temahan
 boedinipoen kalimpoet, demamakan
 boten soemerep lèr kidoel. Wontenipoen
 namoeng anahen koeng, . . . karoengroengan
 dateng ingkang pinda Ratih. Ladjengipoen
 kawontenan ingkang kados makaten,
 . . . mesti kémawon . . . „ndjalok
 ningkah” . . . Sasampoenipoen djoemeneng
 nata lan pramésuari, . . . sasampoenipoen
 kasanding saben dinten, . . . sasampoenipoen
 tinoengkoelan, . . . ing ngrikoe ngadat
 ladjeng mangertos saestoe djawi nglebet-
 betipoen. Manawi doemoegi kala mangsa
 mangertos ing sadjatosipoen waoe, ladjeng
 njoemerepi bilih sihanipoen boten ngoemala
 ndjawi nglebet kados pangintenipoen saka-
 wit, . . . ing ngrikoe ladjeng getoen, . . .
 meta-meta. Manawi bcten dje-djeg
 imanipoen, . . . manawi dajaning awon
 oenggoel ing joeda, . . . poen tresna
 ingkang soewaoe agengipoen tanpa pinda-
 n, ladjeng laroet. Wasana . . . ah . . .
 bok ja wis pisahan baé

Makaten kawontenanipoen para anèm ingkang groesa-groeso.

Tilgram Locomotief 4 Maart wonten ingkang njarijosaken anggènipoen pala krama poetri Belgi Marie José kalijan pangéran pati Itali Umberto boten saged atoet. Saben-saben poetri Marie José poerik awawadoel rama iboe, . . . wangsoel malih dateng Itali, . . . poerik malih, . . . makaten saladjengipoen. Sapoenika, . . . sang nata Belgi sakalijan garwa kawartosaken badé sowan ngarsa dalem Kg. S. Bapa njoewoekaken pegatipoen poetri Marie José kalijan pangéran Umberto

Wiwit kina doemoegi sapoenika, lan wiwit samangké doemoegi sa-
 boedjating djaman pisan, ing salebetipoen
 agama Katoelik boten badé angéwahi
 pranatan „ora kena” dados „kena
 pegatan”. Badéja rate poendi kémawon
 ingkang njoewoen, boten badé Roem
 anglilani. Prakawis poenika sampoen
 kaboektèn pinten-pinten lalampahanipoen
 blinde liefde ingkang sasampoenipoen
 ka-idjabaken ladjeng njoewoen pegat.

Pantjen prakawis idjab poenika ing
 salebetipoen kalangan Katoelik dédé
 prakawis sembarangan. Djer. . .
 sapisan koedoe dadi; ora pareng pe-
 gatan! Inggih margi poenika, para
 anèm Katoelik kedah ngatos-atos.

Prendjak Mataram.

HINDOESATANI KALIJAAN INDONESIA.

Hindoestani kalijan Indonesia Kalih-
 kalihipoen sami déné dados djadja-
 hanipoen nagari sanès. Hindoestan
 dados djadja hanipoen Inggris, Indonesia
 kabawahaken nagari Walandi. Ing
 salebetipoen nagari kalih waoe sami
 déné wonten ébah-ébah politiké angga-
 joeh kamoeljaning bangsa lan siti
 kalahiran: neda mardikaning tanah
 siti woeth rahipoen. Indièrs lan Indo-

PRADJA RAHAJOE.

B. O. SANTOEN GAGRAG. Neutraal dados anti.

Saking roemaos koela B. O. poenika bab prekawis agama adedasar nétral. Nanging saréng koela maos karanganipoen sdr. Tjepaka ingkang kawrat ing „Darmo kondò” bagéjan Djawi (tg. 7 Maret '31), asesirah „Boedi-Oetama kalijan agama,” ladjeng kagèt lan ketoekoelan gagasan: „Dadi B. O. koewi saiki anti agama apa ngono?” Tjebi katilitia pijambak oengel - oengelan ing ngandap poenika, petikan saking karangan kaseboet ing nginggil waoe:

Mitoeroet poetoesanipoen parepatan ageng ing Djakarta, kala taoen 1917; tangkepipoen Boedi-Oetama dateng sawarnining agama kedah boten ambaekapiné (nétral). Jèn wonten salah satoenggiling pranatan, ingkang anengenaken salah satoenggiling agama, Boedi-Oetama kedah nanggolangi.

Dadasaring Boedi-Oetama ingkang makaten poenika, anoewohaken pitakénan warni-warni kadosta:

Sakenjaman oekara nomer kalih waoe radi raos getir. Nanging jèn dipoenemakaken poenika taksih saged itjal; djer oekara waoe kénging katagesan makaten: „. . . salah satoenggiling pranatan, ingkang anengenaken salah satoenggiling agama (badé pet. sampoen mlebet ing koekoebanipoen B.O.) B.O. kedah nanggolangi.”

Jèn makaten, poenika mila sames-tinipoen; poenika namoeng nama angnglengghahi dedasaranipoen; pantes ka-alem!

Lan saepami namoeng kèndel samanten kémawon, koela boten badé tjiloeloe poenapa-poenapa wonten ing ngriki.

Nanging poengkasaning karangan ngonggrèhaken malih. Oengelipoen makaten:

Déné tangkepipoen Boedi-Oetama dateng sawarnining agama, ingkang datengipoen ing tanah India badé nanem koeltoer mantja, jèn ta Boedi-Oetama kijat poenapa déné koewaos, Boedi-Oetama kedah amalangi (Dojonging panjerat saking R.). Ananging réhning ringkih lan tanpa pangowaos, Boedi-Oetama namoeng saged mrajogékaken, soepados agama énggal poenika namoeng kalilanana doemoenong ing panggénan ingkang tjangipoen pribomi taksih asor samoekawisipoen (Onbeschaafd).

Makaten poenika poenapa boten noewohaken pitakénan warni-warni? Kadosta:

1). Dados jèn wonten sadèrèk Indonesier ingkang nampi saha nglampahi agama énggal waoe, poenapa waoenipoen ladjeng pantes kasamèkaken kalijan tijing pribomi ingkang taksih asor samoekawisipoen alias onbeschaafd?

2). Poenapa koeltoer India poenika boten wonten ingkang pantes kaéwahan? Poenapa sampoen lentjeng

lan radin sadaja? Lan jèn mila sampoen boten wonten ingkang béngkong oetawi ngeri, poenapa sampoen anggajoe langit, sampoen boten mindak ndedel malih?

3). Agama énggal ingkang namoeng badé njampoernakaken koeltoer India, poenapa inggih kedah dipoenalang - alangi?

4). Agama énggal ingkang saking mantja namoeng mbekta kanjataan, poenapa inggih kedah dipoenalang-alangi? Iss.

Pitakénan - pitakénan ing nginggil poenika ing ngriki boten badé koela rembag. Déné ingkang dados manahan koela i. p.

Manawi sesirahing karangan waoe „Boedi-Oetama kalijan agama,” (dados ingkang karembag bab agama boten bab koeltoer) kagatoekaken kalijan poengkasaniipoen, kados angèl sanget anggènipoen badé mastani B. O. anti agama!

Sebabipoen: mitoeroet ingkang kaseboet ing tjoepliklan nomer kalih, B.O. kedah amalangi. Amalangi poenapa?—Sawarnining agama, ingkang datengipoen ing tanah India badé nanem Dados tétéla mitoeroet sdr. Tjepaka B. O. kedah amalangi boten namoeng sawarnining agama ingkang badé nglebeti kalangan koekoeban B.O., nanging oegi ingkang mlebet ing tanah India tanpa mawi badé nglebeti koekoeban B. O.

Jèn namoeng amalangi mlebet B. O. kémawon, poenika, kados ingkang sampoen koela tjrijosaken lng nginggil, sampoen mestinipoen; poenika nama nétral jektos. Nanging jèn ladjeng amalangi wonten sadjawining koekoebanipoen; poenika rak nama anti; djer „amalangi” poenika boten sami kalijan „ngéndelaken kémawon.” Jèn namoeng „ngéndelaken kémawon,” poenika nama nétral; nanging jèn amalangi, poenika nama anti.

Leres, mitoeroet sdr. Tjepaka B.O. margi ringkih lan tanpa pangowaos, boten saged nindakaken tradjang ingkang nama anti. Nanging jèn makaten rak inggih sampoen anggadhahi dedasar anti.

Mangka ingkang sewaoe B. O. poenika kados dedasar nétral. Amila jèn sdr. Tjepaka waoe kénging kawastanan koemandanging B. O. kados boten nama ngaja wara, manawi wonten ingkang ladjeng gadah pemanggih: „B.O. salin gagrag: neutraal dadi anti!”

Jèn makaten, owel sanget!

R.

Warga ingkang rawoeh 9. Rama Parampara oegi rawoeh. Pangarsa boten saged rawoeh margi alangan, dipoen-wakili pantra. I. Pamboeka. Parepatan kabikab déning Panitra, kanti ngloehoeraken asmaning Pangéran. Panitra ngatoeraken kasoegegan dateng ingkang sami rawoeh, saha mator noewoen dateng Padoeka Rama Parampara, déné sampoen karsa paring papan kanggé parepatan. II. Maos Notulen. Notulen kawaos, teroes kaabsahaken. III. Oetoesan. Saderèk R.S. Rahadi boten saged dados oetoesan, margi alangan. Ingkang tjalon dados oetoesan sederèk A.S. Martasodarma; dipoenroedjoeki déning parepatan. Nanging bab poenika, gegandéngan kalijan padamelanipoen (goeroe) saweg badé dipoensoewoenaken pamit dateng pangagenging Stichting. Panitra maos serat saking P.K.W. ingkang nerangaken wkdaling Congres P.K.W. lan ingkang badé karembag. IV. Oesoel-oesoel Congres. Maos oesoel-oesoel saking P.K.W. lan K.W.-K.W. Oesoel-oesoel ingkang dèrèng dipoendami ladjeng katerangaken. V. Panoetoep. Ing wanti djam 12, parepatan katoetoep kanti ngloehoeraken asmaning Pangéran.

Verslaggeefster.

nesièrs sami déné kandel raosing kabangsanipoen Nanging, sadaja waoe meksa wonten bédanipun.

Kita mangertos nembé poenika ing ngriki wonten film, ir. mr. Kiewiet de Jonge. Kita mangertos oegi film poenika aboentoet pandjag angelawèr, andjalari doemadosing pasaelajan. Prakawis salaman kêmawon dados gendral

Nanging ing Hindoestani, koela mangertos wonten wawakiling koloniale politiek Inggris ingkang goelet sanget kalijan panoentoen kabangsan. Langkoeng soemadoe-loer tinimbang tangkepipoen t. Kiewiet de Jonge dateng ir. Soekarna. Kaseboet ing Soerbj. Handbl. tilas goepnoer United Provinces, Sir Harcourt Butler, poenika soemadoe-loer sanget kalijan Pandit Motilal Nehru panoentoen kabangsan ingkang nembé poenika katimbalan Ingkang Maha Koewasa dateng djam kalanggangan (oemoer 70 taen). Saking raketiipoen boten mantra-mantra manawi prijantoen kalih waoe mengsah ageng salebetipoen politiek, ngantos manawi wonten ing „club” poeroen ngoendjoek sampanje toenggil sagelas. Wonten satoenggiling padjagongan, Pandit Montinal Nehru naté kawedal temboengipoen dateng goepnoer waoe soraosipoer; „oepama akoe iki bésoek dikoendjara margi prakara politik, ana prakara sidji kang agawé ora senengko jaikeo déné akoe kepeksa pisah karo karem-akoe sampanje.” Dilalah sawatawis taen kapengker Pandit Montilal Nehru klebet ing koendjara margi politikipoen. Kala semanten goepnoer waoe, ingkang njepeng pangawasa wonten Hindoestani, kéngetan temboenging mitranipoen. Temahan saben sonten mitranipoen ingkang sadjatosipoen satroenipoen paréntah, dipoenkintoeni sampanje Veuve Cliequot sagedoel.

Makaten bédanipoen Hindoestan kalijan Indonesia. Saepami roemijin

poenika t. Kiewiet de Jonge boten namoeng salaman kalijan ir. Soekarna; nanging oegi damel sakétjanipoen ir. Soekarna wonten salebetipoen pakoendjaran, mén-dah badé kados poenapa kêmawon?

Éwadéné ing Hindoestan inggih wonten lalampahan ingkang nedahaken piangkoehipoen tijang Inggris sawatawis, ingkang ndjalari kapitoenaning nagarinipoen, boten béda kalijan ing Indonesia. Jehaz Wallah ing Soerb. Handbl. ingkang njarijosaken lalampahan soemadoe-loer kaseboet nginggil, oegi angandaraken lalampahanipoen advocaat nationalist Sen Gupta. Advocaat nationalist ingkang pinter lan saé poenika soewaoe soegih mitra bangsa Inggris. Sareng sareng palakrama pikantoe njonjah Inggris, pijambakipoen ladjeng dipoeninebi lawanging club-club-ipoen bangsa Inggris. Pandjenenganipoen sasat dipoenbaékot, dipoenisirik wonten pasrawoengan bangsa Éropah. Saplok poenika, Sen Gupta waoe ladjeng dados prijantoen ingkang sengit sanget kalijan Inggris. Sen Gupta dados Engeland-hater.

Lalampahanipoen Sen Gupta, toewin lalampahan-lalampahan angrè-mèhaken si koelit soklat ingkang sami koela sipati ing Indonesia, soeka pitedah bilih lekas makaten damel pitoenanipoen ngrika pijambak. Ing ngriki oegi ladjeng katingal bilih para pangadjenging koloniale politiek perloe sanget sasrawoengan kalijan para babanteng kabangsan. Dados lekasipoen t. Kiewiet de Jonge nembé poenika ingkang dipoenhoerdah Minister Djadjahan, pantjenipoen makaten sampoen namandalan.

Kados ingkang kaseboet ing dalem tilgram-tilgram, sang Mahatma Gandhi sanget anggènipoen mantosantos kabangsanipoen sampoen nindakaken panglawan roda paksa oet. mawi dadamel dateng Inggris. Semoenipoen Gandhi mangertos panglawan ingkang makaten sipatipoen boten badé ngedalaken woh toer bokmanawi malah niwasi bangsa, djer sing dienggo gaman waé apa si?

Bekti dateng siti kalahiran, kados ingkang sampoen naté dipoensoemerepi satoenggiling journalist Inggris: wonten tijang Hindoe dipoenpentoengi satengah pedjah, boten males boten ébah, adamel binggoengipoen paréntah. Awit, tijang ingkang sampoen makaten poenika, badé dipoenpoenapakaken? Samedalipoen Gandhi saking pakoendjaran ladjeng damel moesawaratan kalijan radja moeda Lord Irwin kanggé perloening kaoem kabangsan. Papanggihan poenika angledalaken woh, ingkang oegi dados pratanda kamenanganipoen Gandhi sasakabatipoen.

Mitoeroet tilgram tanggal 5 Maart, perdjandjijan-perdjandjijan ingkang doemadosipoen margi papanggihanipoen Gandhi kalijan Lord Irwin, katjarijosaken kados ing ngandap poenika:

- 1. Pambangkang ingkang passief oet. boten roda paksa (- de burgerlijke ongehooorzaamheidscampagne, oet. het burgerlijk lijdelijk verzet -) dipoenitjai. 2. Angèndeli anggènipoen ambaékot barang-barang Inggris. 3. Angloewari sadaja ingkang kalebetaken ing pakoendjaran margi kasangkoeit

prakawis pambangkang ingkang boten atindak roda paksa (gewelddaden). 4. Angidini tetjatang langkoeng-langkoeng tetjatang mlarat, ingkang sami doedoenoeng ing pasisir damel sareng kanggé badanipoen pijambak oetawi kasadé. 5. Dipoenilani ngawontenaken posten waton boten sipat anantang. (- vergunning voor posten indien zulks op niet-agressieve wijze geschiedt -). 6. Angitjai sadaja pranatan oet. ordonantie ingkang dipoenwontenaken kala wonten aksi ambangkang (ongehoorzaamheidsactie); 7. Boten angalang-alangi panoemas lan panjadjeng barang-barang wedalan Inggris.

Katjarijosaken Gandhi toewin congresbestuur sampoen amoengkasi aksi kapoerih boten ambajar paos sarta aksi-aksi sanès bangsanipoen makaten poenika. Sang Mahatma Gandhi kala sesorah wonten sangadjenging journalisten bangsa manjla lan bangsa Hindoe sanget angalembana Lord Irwin, sarta neda soepados bangsanipoen sami toemindak ingkang ngantos pradjandjijan-pradjandjijan waoe saged kalampahan saé. Katjarijosaken oegi parté kabangsan badé toemoet rerembagan wonten ing Konprènsi Médja Boender ingkang badé kawontenaken ing India, kanggé andjangka kamardikan. Panoentoen misoewoer poenika soeka pitoetoer dateng kaoem anarchist soepados angèndeli roemijin aksinipoen, anjoekanan kalonggaran (kans) dateng sariranipoen andatengi konprènsi waoe, preloenipoen sageda doemoegi ing papan ingkang sinedyana tanpa mawi tindak pari paksa. Wasana inggih kadjandjèkaken para tahanan politik, kapétang oegi ingkang kaoem pedjah, badé linoewaran. Makaten wosing sosorahipoen Gandhi sasampoenipoen pikantoe pradjandjijan kaseboet nginggil. Nanging inggih sampoen sami seling serep amastani bilih Gandhi namoeng badé marem déning pradjandjijan-pradjandjijan kaseboet nginggil.

Nitik ingkang kapratèlakaken ing nginggil, tètèla bilih koloniale politiek Inggris angroemaosi tanpa padédah manawi tjoekenging kaoem kabangsan tinandoekan sami tjoekeng.

VAN LITH-STICHTING
Poenapa Pandjenengan
Kanggé woelan poenika
SAMPOEN
NGINTOENAKEN
arta
CONTRIBUTIE
kanggé
V. L. S.
?
Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.

Lalampahanipoen Gandhi anggènipoen papanggihan kalijan radjamoeda ngantos saged andjalari wontening pradjandjijan pitoeng prakawis waoe, soeka pitedah ageng dateng kita ingkang sami djoemangkah dateng Indonesia Merdéka. Lalampahanipoen Gandhi poenika soe-

ka pitoetoer: kanggé perloening kamardikan pantjen perloe golongan kabangsan tepang rembag kalijan golongan koloniale politiek. Perloenipoen: sakalih-kalihipoen saged sami mangertosipoen. Mila ing ngriki koela oegi toemoet anglahiraken tjowaning manah déné nembé poenika, manoe seret-serat kabar, dr. Soetama panoentoen ingkang sampoen katah lababetanipoen dateng bangsa poenika, nampik panantoenipoen péhak nginggil soepados sariranipoen poeroen loenggoeh wonten ing Volksraad

Nanging, pandjenengan sampoen seling serep amastani A. S. D. damel panjéda dateng golongan non-coöperators ingkang sami ngeh-mohi njamboet damel sasarengan kalijan paréntah. Djer koela inggih ngaosi poenapa-poenapa ingkang saé, ingkang migoenani, ingkang toewoeh saking katjarisanipoen pijambak; medal saking adeg bawa pribadi. Kadjawi makaten pantjen

É K O N O M I.

RA'JAT INDONESIA LAN ECONOMIE.

(sambetipoen Sw. Tm. no. 8.)

Kanggé dolanan kaoem woeker.

4. Ing nginggil koela sampoen mator, jèn tijang soegih samboetan poenika gampil sanget kanggé dolanan kaoem woeker.

Manawi tijang soegih samboetan (awoedjoed accept, zegel, obligatie enz.) mangka ngantos laot boten saged nitjil oetawi boten netepi perdjandjijanipoen, poenika adanipoen kaoem woeker ngantjam, jèn boten poeroen netepi perdjandjijanipoen, badé kaoeroes poenapa mestinipoen. Réhné ratjakipoen kaoem berah, dados adjrih dateng prakawisan. Kadadosanipoen ladjeng nabrak-nabrak pados samboetan sanès, namoeng perloe badé noetoepi bolongan ingkang saweg dipoenboedjeng-boedjeng. Nanging adat ingkang sampoen, pandoeoekipoen bolongan énggal poenika langkoeng lebet katimbang ingkang dipoenedjogi. Woosana gesangipoen kadjoengkel-djoengkel. Dangoening dangoe, kabekta saking katahing samboetan, ngantos boten saged polah malih. La ingrikoek, kaoem woeker ladjeng sami tandang, ngoeroes poenapa mestinipoen.

5. Sanadjan sampoen kaoeroes, ngantos doemoegi vonnis pisan, nanging réhné gesang sampoen morat-marit boten kanten kantenan, inggih meksa boten saged njaoer. Barang darbèkipoen saged oegi ladjeng dipoenbeslag.

Para sadèrèk, sepinten panlangsanipoen tijang ingkang dipoenngatenaken. Tegesipoen, gadah barang sakedik kalih kedik, kanti rekaos anggènipoen nglempakaken, nanging sareng sampoen nglem-pak sawatawis, woosana dipoenkoekoedi déning tijang sanès. Toer sadèrèngipoen takoeoed, toekang bendé moebeng-moebeng naboe bendenipoen, wara-wara jèn badé wonten lélangan beslagan.

Poenapa kinten-kinten badé wonten ingkang tegel ngajad? Lan kados-poendi raosipoen ingkang èstri, ingkang sadjatosipoen boten ngertos poenapa-poenapa,

sampoen leresipoen tijang mardika ing kaantepanipoen. Dados ateges: boten perloe kita padoedon prakawis kaantepan. Ingkang bakoe kedah njamboet damel mitoeroet kabetahanipoen rakjat.

Ing Hindoestani lan Indonesia! Sanadjan sampoen semanten kamenanganipoen Mahatma Gandhi, nanging salebetipoen kaoem kabangsan Hindoe meksa wonten prakawis ingkang angringkihaken aksi inggih poenika pasaelajanipoen golongan Hindoe kalijan Islam. Katjarijosaken inggih taksih salebetipoen wkdal Gandhi rerembagan kalijan radja moeda, margi prakawis bal-balan, Islam kalijan Hindoe sami pasaelajan. Ngantos wonten tijang Hindoe 43 lan Moeslim 31 sami kabekta dateng grija sakit Moegi pasaelajan kados makaten poenika sampoen ngantos kelampahan wonten Indonesia.

A. S. D.

soemerep-soemerep barang-barang gegadahanipoen dipoenangkati!

6. Prakawis dipoenbeslag, dèrèng sapintena. Jèn sampoen dipoenbeslag, mangka pikantoe kipoen boten njekapi samboetanipoen, ingkang gadah samboetan meksa dipoenojak-ojak kapoerih ngloenasi samboetanipoen. Saking gempoeipoen, réhné tansah dipoensemadosi, kaoem woeker ladjeng nékad njoewoenaken „gijzeling”. Hmm, jèn sampoen doemoegi samanten, kados-poendi raosipoen anak toewin sémah, ingkang boten kadadosan! Wradin-wradin tijang ingkang dipoen-gijzeling, bleng mlebet pakoendjaran, ladjeng glètak, kalepas saking padamelanipoen. O, Allah, dosa poenapa sémah toewin anak? Boten ngertos poerapa-poenapa, mak rekètek, itjal panggesanganipoen!

Mangka tijang dipoen-gijzeling poenika boten ateges ladjeng itjal samboetanipoen, poenika babar pisan boten. Tijang dipoen-gijzeling tegesipoen imbet sasanggènipoen. Oepaminipoen makaten: Wonten tijang gadah samboetan, ingkang sampoen dados vonnis f 50. Tijang waoe ladjeng dipoen-gijzeling. Oepami poetoesan gijzeling 1 woelan, samedalipoen saking pakoendjaran, tijang waoe imbet samboetanipoen f 45' (Wragad koendjara toemrap tijang Djawi, manoe tarif f 1,50 ing sadintenipoen). Samboetanipoen ladjeng dados f 95. Arta samanten, samedalipoen saking pakoendjaran, kedah ngloenasi. Jèn sampoen katingal gegadahan, mangka boten poeroen ngloenasi, saged dipoen-gijzeling malih. Oepami sawoelan engkas anggènipoen andelik wonten ing bloewèn, samboetanipoen ladjeng dados f 140. Tjekaking-tjekak, tijang dipoen-gijzeling poenika tjilakaning tjilaka, boten kènging gegadahan, boten kènging semados.

Ingandap! poenika koela badé anggabaraken kados-poendi rasosaha rekaosipoen tijang dipoen-gijzeling oetawi badé dipoen-gijzeling.

KABAR SAKING BETAWI.

Stadsdille.

Koela sampoen naté mator, jèn Betawi poenika loewesan, badé poenapa kêmawon saged, dalasan badé miber pisan setatsijoenipoen tjepak, makaten oegi jèn badé ngemataken adining kawontenan, sanadjan kita, kawontenan ingkang adi loehoeng, patamanan ingkang adi toer sepi boten kirang.

Tjobi koela atoeri sowan Grédja Katedral djam 5 éndjing, lampoe mompjar, sadaja ingkang sami semadi penganggènipoen resik-resik. Djam 6,15 menit preek wiwit toemapak, 6,25 tampi Kommi Soetji, 6,40 bjabar, teroes mlampah-mlampah, dalasan langit padang toer sontenipoen terang, dados margi goemrining resik, nglegakaken.

Saking Katedral koela atoeri mengiwa, teroes nggoebed mènengen, nglangkoengi H. C. S., angka 2, teroes dijleg wonten kreteng cement saé, pengkoeh, adi, wonten ngrikoe koela atoeri mirsani menengen, asta toemoempang ing tembing ingkang tengen, lha, koela atoeri mirsani: lèpèn tjawang kalih, ngoebengi Wilhelmina-Park, dasar roempoet idjem, kagoebed-goebed ing groemboel abrit sepoeh, tengah wonten retja njengoek mangloeng lèpèn: anteng,

petak, saé. Dasar kreteng ingkang andjog ing Park kaeokir karengga asri, sinoengan kroon kaprada. Boen ing roempoet dèrèng itjal, lèpèn mili adjeg goemlindig, margi ing Park édoem, asrep, kaajoeban ing trembesi idjem, ngresepaken, ing wingkingipoen malih amat-lamat samar, margi katoetoep ing pedoet: pak-ampak angalingi asrining Taman Radja moestikaning Djajakarta

Poenika prijantoen, schets tjekak moestikaning kita Betawi, toenggilipoen taksih katah malih jèn pandjenengan namataken sadaja waoe temtoe lap, soekma maboer, kesoepe jèn wonten nginggil kreteng! margi pikiran pindah dateng Moentilan oetawi Ignatius College ing Ngajogjakarta: ngèmoeti adi lan tentremipoen! Kesoepe bilih ingkang mawas waoe doemoenoeng ing kita ramé lan oejeg moejeg isinipoen kebak nama-nama mantja: Apitulay, Wawaroentoe, Pangéran Ali, Monod Froideville lss. Expres, bus, electriche trem, taxi, dokar, fiets sami lintoe margi.

Tjobi sanès dinten kaladjengaken malih, sapoenika ngrembag gesangipoen para nèm-néman, para djaka prawan lan para sinaoe dalah pamondokanipoen.

Moeda Betawi.

Sareng poen Patricius mantoek saking mediteeren waoe, kèmoetan dongèngipoen ki Patjar Mèrah poenapa sinten, kala Désèmber, bilih ing Grédja Santo Joesoep wonten „geval” ingkang kirang njenengaken, margi wonten moedapoeroehita sawatawis ingkang seneng soeka toelada awon.

Kados makaten poenika limrah! margi: kala Ngajodja dèrèng wonten Ams, laré T.S. jèn mlampah ngebaki margi boten naté poeroen njimpang, sareng A.M.S. wonten, T.S. mengkered.

margi: kala R.H.S. lan G.H.S. dèrèng wonten, laré Stoof (Stovia) nelásnelasakan, sapoenika . . . sama-sama, A.M.S., K.W.S., Student, Mulo, mangsak tjampoer! boten mawi malang kadak oetawi ngebaki dalam malih.

margi: Sala sapoenika gongipoen Ams. Sinten ketradjang Ams, gagal! sanelisipoen . . . ngawet!

margi: Poerwardja gongipoen H.K.S., hks ngedal, sadaja mlongo.

margi: Ing Makassar kala djaman Kwekschool, gongipoen Kwekschool! Jèn ks. damel modèl, sadaja noelad, niroe, njonto, ngeblad. Dalasan mboendeli sepatoe dipoentiroe sa Makassar!

Poenika tjontonipoen. Dados sinten roemaos mentol, adat soegih légéwa. Lah, légéwa waoe saged saé oetawi awon, sapoenika panjoewoenipoen Patricius sakantjanipoen: moegi para légéwa ingkang kirang prajogi waoe kamantoenana! Toer tanpa légéwa rak oegi kènging, ngèmoeti wis doewoer ana sing loewih doewoer, pinter isih ana sing ngoengkoeli!

Idep-idep njèlèngi kanggé dinten wingking. Déne bab pondokan prajogi karembag sanès dinten kèmanon.

De Kathedraal.

Poenapa poenika? Poenika serat minggon medal saben Djoemoewah, kasedijakaken lelahan kanggé kaoem Katoelik ing Betawi.

Plek kados Centraal Katoelik Ngajodja, ingkang Patricius oegi adjeg maos!

Ing réhning djwa Katoelik ing Betawi apes 10.000, mila sampoen samestiniipoen jèn De Kathedraal langkoeng ageng, langkoeng kerep, lan langkoeng saé tinimbang Centraal Katoelik Ngajodja! Lan advertentienipoen inggih langkoeng katab! (dit beteekent veel!).

Isinipoen De Kathedraal waoe (doemoegi sapoenika saweg medal kaping 3) ingkang perloe kapetik bab tjéntangan saking Locomotief ingkang oengeliipoen wosipoen makaten:

„Ing Locomotief kita mranggoeli „oengel-oengelan ingkang mage-pokan kalijan Kerstmis makaten: „saking doesoen ingadoesoen tijang „tjjang sami njabrang saldjoe perloe „dateng Grédja mirengaken do- „ngèng gab Sang Timoer”

Dados bab Goesti Jésoes namoeng dipoenanggep oengèng. De Kathedraal ladjeng manti-manti makaten:

„Katrangan makaten poenika toewoer, mrap kita, tijang Katoelik njepè- „lèkaken lan moeroegaken boten „sakétja. Lan koran ingkang njepè- „lèkaken agami pandjenengan da- „ngoe-dangoe pandjenengan temtoe „awrat maos, lan pantjen prajogi „boten kawaos kèmanon.

„Makaten poenika lagèjanipoen „koran ingkang kaseboet nétral. „Gotrah kita sampoen gadah koran „pijambak, De Koerier, ingkang „sasat kedah kawaos. Pandjene- „ngan kedah maos koran pandje- „ngan pijambak. Isinipoen lang- „koeng resik lan boten moeroegaken „moenek-moenek.”

Samanten poen De Kathedraal, para maos Swaratama kedah ngamani. Kala taen 1924 bab Locomotief sampoen dados rembag wonten ing Retraite Moentilan, taen 1931 De Kathedraal ndjawil malih, kita kedah manoe. Tjempé kedah manoe Pangènipoen.

Patricius.

a. Tjonto. I.
Ing salebetipoen parésidènan Noord-Banjoemas wonten prijan-toen gadah blandja tigang atoesan. Pijambakipoen namoengi gadah anak kalih. Ingkang èstri sadjakipoen radi marem gesangipoen. Blandja ageng, anak namoeng sakedik, tanggalan boten gadah. nDilalah katèmplèkan kasenangan aben sima doesoan, sanadjan boten naté bakaran, nanging tatos. Dangoe - dangoe blandjanipoen tansah te kort. Woosana gadah samboetan pinten-pinten lèng. (dateng Arab enz.). Boten let dangoe kapindah. Nembé kémawon pindah, gletek, wonten poetoosan gijzeling. Hmm, memelas! Tijang waoe ladjeng kémawon, bleng, mlebet hotel prodeo. Ingkang garwa sapoetrampilan, kedakalan kondoe kanti amripat joejoe. Soemangga para sadèrèk sami dipoen-galih!

b. Tjonto II.
Oegi ing salebetipoen parésidènan Noord-Banjoemas wonten prijan-toen, blandjanipoen inggih tigang atoesan. Tanggalaan katah. Poetra-poetra katah, toer mragadi. Tanggalaanipoen pijambak inggih katah.

Samboetan wonten pinten-pinten lèng. Salah satoenggiling samboetan waoe sampoen dados vonnis. Réhnè sampoen dangoe boten dipoensaoeri, kaoem woeker ladjeng ngempakaken dedamelipoen, i.p. njoeuwoenaken dipoen-gijzeling. Sareng tijang waoe mireng, jèn badé dipoen-gijzeling, teroes kémawon nglemprek, boten gadah daja. Samboetan boten lija „O, Allah, kok samono kanijané kaoem woeker, kok samono nlangsaokel O, Allah, gèk kepriè bodjo lan anak-anakkoe.

Pijambakipoen ladjeng ngedalaken réka. Saben èndjing, plentong djam 6 sampoen késah, perloe pados samboetan. Djam 6 sonten nembé wangsoel. Deurwaarder saha pokroelipoen madosi ing poendi-poendi, tilpoen dateng poendi-poendi, nanging tansah boten pinanggih. Lampahing deurwaarder, saha pokroel, ingkang kinantènan telefoon, prasasat, larè dolanan „delikan oetawi krijger-tje spelen.“ Tjegtat lèr, tjarijosipoen sampoen ngidoel. Tjegtat kidoel, tjarijosipoen sampoen ngilèn. Tjegtat kilèn, tjarijosipoen sampoen mangétan. Toetoeti mangétan, wonten kabar boten wonten tijang mangétan. Ngétan, ngilèn, ngidoel, ngalèr, ojak-ojakan, Deurwaarder anggènipoen ngalèr-ngidoel perloe badé njepeng, nanging tijang waoe anggènipoen ngalèr-ngidoel perloe pados samboetan kanggé njaoer samboetanipoen. Dados sami déné rekaosipoen.

Lelampahan ingkang kados makaten poenika ngantos 1 woelan dangoenipoen, éwadéné boten wonten pikangsalanipoen. Toemoenten president landraad saking doekanipoen, maringi inah kalih dinten engkas. Jèn kalih dinten engkas, meksa boten pinanggih oetawi boten soeka katrangan, anggènipoen ojak-ojakan kapeksa kapasrahaken dateng poelisi ingkang saged mlampah banter, djalaran mawi oebloek, i.p. motorfiets. Tijang waoe mireng. O, anggènipoen prihatos, sampoen ta sampoen! Saben tijang ingkang soemerep temtoe mrebes mili, namoeng badé béla-soengka-wa. Pijambakipoen ladjeng ngambroek dateng kantja-kantja neda pitoeloengan. Nanging kantja-kantja toewin kawanoehan sanèsipoen mrekbak, inggih boten wonten sanèsipoen, djer sami déné boten wontenipoen. Wradin - wradin ingkang dipoentèdani pitoeloengan mangsoel: „O, inggih kados-poendi malih, koela saklangkoeng anggènipoen badé tetoe-loeng, nanging kabekta saking boten wontenipoen, kados-poendi malih. Koela namoeng toemoet béla-soengkawa lan prihatos...

nDilalah kirang 5 djam saking perdjandjan, tijang waoe saged nabrak pikantoe kabetahanipoen, nanging dateng poendi? Inggih dateng kaoem woeker. Nanging kaoem woeker énggal, ingkang pijambakipoen nembé tepang.

Tijang waoe poenapa sampoen ontjat saking bebaja? Babar pisan dèrèng! Djalaran modèlipoen kaoem woeker, manawi mireng kantjanipoen dipoenlegani, dipoensaoeri temtoe agé-agé, njaro-njaroe nagih samboetanipoen. Éngga sapriki tijang waoe taksih tenger-tenger.

Para sadèrèk, samanten tjilakanipoen tijang jèn sampoen ketjandak woeker, jèn sampoen risak panggesanganipoen. Anggèné pijambakipoen ngantos 1 woelan moebeng-moebeng meksa boten

pikantoe kasil, poenika mestipipoen sampoen saking déné pepetipoen. Tjara cirkelipoen sampoen kempoet. Mrika-mrika boten wonten ingkang pitados. (Badé kasambet).

ING SAPOETJAKING PANGGOENG ÉKONOMI.

GENDIS.

Pamboeka.
Sawenèh wonten ingkang mastani, itjaling taoen 1930 oegi ateges wiwit itjaling malaise.

Nanging koran ngabaraken katahing tijang anggoeran ing Amerika Sarékat wonten 7 mlijoen lan Djer-man wonten 5 mlijoen, dados negari kalih kémawon sampoen 12 mlijoen, dèrèng Inggris lan Itali! ingkang apes sami déné gadah bala anggoeran ngingang mlijoen.

Manoet pétangan poenika apes sadonja wonten bala anggoeran 20 mlijoen! [Nederland djiwanipoen 7 mlijoen, tanah Djawi 40 mlijoen.] Manoet ringkesan kabar beurs saking Brussel, nitik ébahing beurs Europa lan Amerika mokal jèn taoen 1931 njata taoen saé, — nanging jèn koers-koers sampoen sami wiwit mindak, poenika njata.

Tijang Prasman ingkang dateng Amerika wonten plaboehan New York soemerep tijang ngemis réntèp pados gogrogan teda saking pawon kapal, — ing margi katah tijang ingkang soekoenipoen kabontel kertas koran, margi sepi sepatoe oetawi setiwel. Tijang Prasman waoe alok: lo, kok anèh, semoené Oom Sam rada lara saiki [ngèmoeti ing Prantjis tijang anggoeran dèrèng sapinten katahipoen].

Nginggil poenika gambaripoen horeng djagad, para maos sasamporna priksa. Dèrèng horeng bab politik: Sepanjol dampar keprabon mojang-majig, tanah Indoe retoo, Djer-man riboet; Chicago, New York kebak doerdjana?

Sampoen samanten kémawon. Sapoenika njandak bab

Gendis.

Kakabaraken Roeslan oegi badé ngedalaken gendis. Kabar salarik poenika tegesipoen katah sanget. Awit kala taoen 1930 Roeslan sampoen semados badé ngoeroegi peken-ngamantja mawi gandoem. Taoen 1931 nanemipoen gandoem dipoenketog, mangké jèn panèn sageda ngwoetahaken gandoemipoen dateng peken-ngamantja kanti regi mirah, ateges: badé saja damel mloroding reregèn, badé saja ngèwèlaken padagangan, njangetaken malaise, saja ngindakaken katahing tijang anggoeran.

Lah, taoen poenika Roeslan dèrèng trimah. Badé ngoeroegi peken-ngamantja mawi gendis! Kilap mangké badé dadosipoen.

Ngandap poenika ringkesan babad lan kawontenanipoen panggaotan gendis ing sapoenika:

Ing sadonja djagad gendis poenika dipoentekem ing poelo kekalih: Cuba lan tanah Djawi. Inggih poelo kalih poenika ingkang ngerèh lampahing dagangan gendis ing sadonja. Déné ingkang dipoenoring - oering sapoenika Cuba, margi anggènipoen nékad ngelar pasitènipoen, ngantos gendis dados tirah-tirah, ndjalari malaise. Cuba mangsoeli: akoe ngelar djadjahan takanggo nambeli toekakoe dèk perang gedé; dèk semana akoe dipaksa ngedel goelakoe f 0,14 ing sapoené, mangka reregeng loemrah dèk semana f 0,50 ing dalem sapoen!

Inggang ngoering - oering Cuba waoe . . . Éropah, papanipoen tijang damel gendis saking wortel! [Cuba damel gendis inggih saking teboe kados tanah Djawi].

Manoet babad, gendis kalih warni waoe (gendis teboe lan wortel), boten timbang sanget. Margi kala taoen 600 Pèrsi sampoen nglebetaken gendis teboe dateng Éropah, mangka gendis - wortel kepanggihipoen saweg kala taoen 1700 — 1800, inggih djamanipoen nata Napoléon. Kala samanten Napoléon mengsah Inggris, andjalari Éropah kineban kori saking ndjawi, margi Inggris saged ndepani laetan, andjalari gendis saking Amérika lan Asia boten saged mlebet, Éropah ladjeng kepeksa damel gendis pijambak saking wortel.

Gendis teboe lan gendis wortel poenika plek sami tanpa béda sakedik kémawon, lan pinten-pinten taoen gendis - wortel saged ndepani peken - ngamantja pradja, nanging sareng perang ageng pet, ngrikoe pedjahing dagangan gendis - wortel, sapoenika kinten-kinten kantoen 28% - ning gendis sadonja, mangka roemijin saged 50 — 60% - ning gendis sadjagad sadaja.

Sampoen kaotoeraken jèn ingkang ndepani peken gendis sadonja poenika Cuba lan Java. Poelo kalih waoe kadigdajanipoen kados ngandap poenika:

panèn 1913 — 1914

Cuba 2.596.000 ton
Java 1.345.000 ton
panèn 1929 — 1930
Cuba 4.671.000 ton
Java 2.895.000 ton.

Manoet angka nginggil poenika pamedalipoen Cuba lan Java sapoenika wonten tikal kalihipoen katimbang kalijan kala saweg badé wonten perang ageng.

Lan Cuba pamedalipoen adjeg wonten tikal kalihipoen tanah Djawi! Jèn ngèmoeti tanah Djawi saweg semanten kémawon tijang alit sampoen kraos mlinder toer mawi sanget, iba paman-tani ing Cuba!

Cuba lan Java saweg ngedalaken samanten kémawon katah gendis boebroek, dèrèng mangké jèn Roeslan ngedalil!

Déné oeroetipoen babadipoen gendis saking biet kawontenanipoen kados ngandap poenika: moentjoelipoen sampoen kaotoeraken kala abad 18 djamanipoen nata-agoeng Napoléon.

Sareng Napoléon kawon, biet-suiker bibar, margi kadesoek gendis teboe saking ndjawi; (taoen 1814). Éwasamanten margi saking pitoeloenganipoen negari lan mampengipoen para soedagar, panggaotan gendis-biet waoe taksih saged pang-gah; (ing Djerman, Roeslan, Perantjis, Oostenrijk).

Sareng taoen 1840 réntjang toem-basan kasowak, andjalari rendetipoen panggaotan gendis ing Amerika, gendis-biet ing Éropah dados saja mampeng. Wiwit taoen 1883 pamedalipoen gendis-biet ngoeng-koeli gendis teboe.

Saweg kala taoen 1911 gendis teboe saged menang. Taoen 1915 — 1916 gendis teboe terang boten badé kawon malih, margi langkoengipoen katah sanget jèn katanding kalijan gendis - biet. Wiwit taoen 1919 gendis teboe wonten 73% - ning gendis sadonja.

Panènipoen gendis-biet kala taoen 1913 — 1914 ing Éropah wonten 7.800.000 ton.

Taen 1919 — 1920, bakda perang ageng, panèn waoe namoeng kantoen 2.600.000 ton.

Déné rantjanipoen Roeslan bab panggaotan gendis kados ngandap poenika babadipoen:

Kados déné bab gandoem Roeslan dados mengsahipoen sadaja negari ing sadonja, margi Roeslan tansah mlorodaken regi, bab gendis semoenipoen oegi badé kados makaten.

Margi ngèmoeti tansah mloroding reregèn gendis, para kawogon sampoen sami klempakan wonten Brussel ngrembag bab poenika, sedyanipoen: ndoewa mloroding reregèn gendis. Reginipoen gendis ladjeng katetepaken apes samanten Sadaja moepakat: Cuba, Java, Éropah lss. namoeng Djerman lan Roeslan boten.

Conferentie - gendis poenika kalampanihanipoen taoen 1930.

Manoet pétangan panèn taoen 1931 — 1932 poenika Roeslan saged ngedalaken gendis dateng mantja pradja apes 750.000 ton, agengipoen 1.000.000 ton.

Jèn poenika njata kelampahan, saged saja andrawasi. Margi ngrika sapoenika sampoen wonten pabrik gendis biet katahipoen 169, lan Roeslan anggènipoen ngedalaken dagangan poenika boten perdoeli regi lan kabetahanipoen pijambak. Senadjan tijang alit kirang gendis, Roelan poeroen ngedalaken gendis. Lan anggènipoen ngedalaken waoe poeroen mawi regi sangandapipoen reregèn gendis ing Roeslan pijambak!

Tjekak: Roeslan anggènipoen dagangan dateng mantja pradja poeroen toeni, waton saged ngebroekaken peken dagang ing sadonja! Samanten!!

ANDAJA.

DJAGAD WANITA.

KADOS-POENDI SAGED- IPOEN KATOELIK ÈSTRI DJAWI NGADJENGAKEN BANGSA DJAWI?

Sosorahipoen rara Wartinah oetoesan W.K. Mataram wonten konggrès P. W. K.

Ngatoeraken gending panoewoen dateng pangrèh P. W. K. ingkang sampoen karsa maringi wekdal dateng oetoesan Mataram kanggé nerangaken wawasan koela bab: Kados-poendi sagedipoen sadèrèk Katoelik èstri Djawi saged ngadjengaken bangsa Djawi. Pramila poenika ingkang kaperlokaken, awit sapoenika sampoen wantjinipoen kanggé wanita - wanita Indonesia mikir bab kemadjenganing para wanita lan bangsa Indonesia. Soepados tjeta kados boten wonten awonipoen jèn koela sadaja mawas kawontenan - kawontenanipoen golongan wanita ing sanès pradja.

Gèsrèkipoen kabangsan kalijan agami oegi katingal wonten Indonesia. Poenika katitik wonten ing lalam-pahan „Digoel lan Mekah“; „dr. Soetama lan dr. Tjipamangoenkoesoema contra dr. Soekiman.“ lss.

Ningali galagat ingkang boten saé poenika, pakempalan Perhimpoean Indonesia ing Den Haag sarta Pembela Bangsa ing Cairo (Mesir) damel wara - wara dateng Indonesiërs.

Wara - wara waoe soeraosipoen: kaoem kabangsan Indonesiërs soepados saja ngekahaken karoe-koenanipoen; samia angitjali pasoe-lajan Islam kalijan kabangsan. Djer pasoe-lajan toenggal bangsa poenika dados senengipoen pamaréntah mantja ingkang wonten Indonesia. Aloewoeng samianoeng-gilaken kekijatan anindakaken pergerakan ekonomi; amboedidaja itjaling pranatan landrente; soeda-ning paos; itjaling goegoer goe-noeng lss.

Mekaten soeraosipoen wara - wara waoe.

Serat kabar Revue Politik ing Djakarta ingkang dipoenpangangeni M. Tabsani, sasampoenipoen maos wara - wara waoe, angedalaken pamanggih boten badé nasionalisten Indonesiërs petjroh kalijan Indonesiërs - Islam. Makaten temboengipoen:

„Menilik kedoeoekn bangsa dan tanah air kita dalam politik dan ekonomi (negeri djadjahan) dan menilik soesoenan rakjat kita (hampir 99 pct memeluk agama Islam), soekar dan menoeroet kejakinan kita moestabil bisa terdjadi perselisihan „antara Islam dan Nasionalisten“ ketjoelali diwa memang dikehendaki oleh kedoea pehak.“ (Rv. P. 7. Maart; arangng aksara déning Ptj. Mrh.). — Saladjengipoen katjarjosaken gèsrèkan ingkang sapoenika, namoeng kabekta saking boten ngertosipoen.

Dados temboeng - temboeng poenika mengkoe pikadjing: arepa ngono-ngono kaé nasionalisten koewi wong golongan Islam oega; dadi mokal manawa bakal kerengan.

Poenapa pamanggihipoen R. P. ingkang makaten poenika mesti leres? Djaman béndjing pijambak ingkang badé soeka wangsoelan.

Nanging margi swantenipoen R. P. poenika kita mangertos, Indonesiërs Kristen (Katholiek lan Protes-

tant) ingkang leresipoen nedya kabentjèt. Oepami tjetaa makaten moengel: Roekoen, . . . roekoen, . . . karo Islam, nanging . . . adja karo Indonesiërs Kristen. Awit, wonten poengkasaning rembag, R. P. tjarijos makaten: „Karena dalam perdjoeangan politik menoejdjoe Indonesia Merdeka boekan tidak boleh djadi bahwa pihak sana akan memakai agama Kristen oentoek memetjahmetjahkan barisan sini.“

Dados oepami kawedala, badé moengel: „Kristen Indonesiërs koewi alaning ala, marga dadi pirantiné kaoem sana kanggo metjahaké barisan kabangsan.“

Pandakwa makaten poenika sampoen makina-kina wontenipoen. Boten perloe dipoenladosi! Djer koela inggih mangertos sanadjana ngrasoek Islam dèrèng temtoe nationalist sadjati.

Anggèn koela njoengolaken rembag poenika, soepados para kadang Katoelik sami saja tinarboeka. Soepados mangertos galagat ingkang badé kalampah ing djaman wingking. Soepados saged saja ngagengaken karoe-koenanipoen kalijan golongani-poen pijambak. Anjingkiri tandoe kapi laré ingkang saged ngrenggangan samboeng rapeting pasedèrèkan Katoelik sami Katoelik.

Angèneti tembé wingking, angèneti galagat ingkang katingal ing sapoenika, bokmanawi prajogi sanget manawi para pangandjoer Kristen sami manah pitakèn koela ing ngandap poenika:

„Apa ora prajoga barisan Indonesiërs Katoelik pada ngoempool dadi didji karo barisan Indonesiërs Protestant?“

Kados-poendi tjaranipoen ngempal, poenika Patjar Mérah amborongaken dateng kawaspadanipoen para panoentoen Kristen.

Woelan ngadjeng P. P. K. D. ngawontenaken konggrès. Sinten ingkang poeroen andoeoegèkaken swantenipoen wong Kumuningsaselé poenika?

Indonesiërs Kristen! Dipoensami mangertos ing galagating djaman!

Kumuningsaselé 9 Maart '31

Taklim: Patjar Mérah.

1. Mangga sadèrèk koela atoeri mriksani pergerakaning wanita bangsa Europa lan Amerika, poenapa dèrèng nama madjeng. Nitik saking pangkat-pangkat ingkang sampoen dipoenngèni, wanita-wanita waoe sampoen kènging kawastanan madjeng. Ing ngrika sampoen katah wanita ingkang sami nganggé dladjading prija, kadosta: dados Meester, dokter, goeroe, njamboet damel ing kantor-kantor lsp. Malah ing pradja ingkang kaseboet ing nginggil waoe, boten kirang pawèstri ingkang sami dados conducteur, cauffeur, bangsa officier lsp. Sapoenika wanita ing tanah kita ngriki ingkang saweg ketinggal mratahi sami dados goeroe sekolah, toer inggih dèrèng nama tanpa witjalan, malah kapara dèrèng

njekapi. Ing pradja waoe malah para wanita inggih sampoen sami toemoet dados liding pangrèh pradja, mandar sampoen kawenangkaken njetèm. Dados ing ngriki tètela jèn lampahing bab pergerakaning wanita kedah sareng kalijan prija. Sapoenika tjabi koela atoeri mriksani bédaning wanita samangké kalijan djaman roemijin ing tanah India ngadjeng lan Djepang. Kala roemijin taksih sanget anggènipoen moegen, tjlingoes, boten poeroen medal saking grijanipoen, jèn boten kepèpèt sanget, dèrèng gadah kekendelan sakedik-kedika. Nanging djaman samangké para wanita sampoen limpat, sampoen madjeng, malah kamadjenganipoen sampoen njamèni prija. (badé kasambet).

CORRESPONDENTIE.

— XX Malang; Driehoek Solo; Ster Semarang; Bogor; Exelcior Bandoeng; S. Blitar; Rr. Soehardjah Pangèndredja; Artikel pandjenengan ingkang wosipoen, ambèlani leiding S. T. gegandengan pangtjènipoen Orang Salaman ing S.K. sampoen kita tampi. Nanging kita boten saged matjak, djer sampoen wonten ingkang gadah wadjab. Pantjèn inggih leres langkoeng prajogi manawi redaksi S. K. boten matjak karangan waoe. Nanging, sampoen, prakawis poenika boten perloe dipoenpandjang - pandjangaken. Mindak ngambrambra kalijan sadèrèk pijambak! Koela sigeg semanten kémawon! — Pandjenengan ngalem isinipoen Sw. Tm. Sampoen leresipoen awit pandjenengan nresnani Sw. Tm. Boten soesah dipoenalem, wawaton kita oeger bekerdja keras oentoek kebaikan Sw. Tm. Éwadéné sampoen bekerdja keras boten nglegakaken para maos, inggih begdjanipoen awak!

— R. C. D. W. Poerwadadi Grobogan. Karangan pandjenengan ingkang nramboel prakawis brochure boten saged kapatjak. Tjekak koela atoeri mriksani artikel N. I. O. G. enz. ing Sw. Tm. dinten poenika. Wonten ngrikoe pandjenengan inggih badé mangretos ingkang kanamakaken pitoena toemrap conf. onderw. waoe. Pandjenengan mesti boten keklilapan poenapa ingkang nama propaganda lan pitoena oetawi bati poenapa ingkang medal margi propaganda. Rembag prakawis poenika sampoen kita tjoentel. Sampoen dados penggalih.

— Tarcisius; Tijang ningali; J. Koés; Saraita; pandjoeroeng pandjenengan awoedjoed artikel sampoen kita tampi. Sanget noewoen. Nanging sapoenika dèrèng saged medal. Sampoen dados penggalih.

Red. Sw. Tm.

— R. S. M. Klatèn, pandjenengan boten noenggak babar pisan.

— R. F. A. Semarang, kita sampoen tampi postwissel; f6,— (nem roepijah); matoer noewoen!

— Abon. 566, bab poenika sampoen kita oeroes. Déné sebabipoen, margi adrès gotang sakedik. Lan lembaran Sw. Tm. inggih tansah kawangsoelaken dateng Administrasi. Sampoen dados penggalih! Saladjengipoen Sw. Tm. badé adjeg sowan.

— Zelatrice Blitar, serat saha postwissel sampoen katampi. Margi pitoeloengan pandjenengan ingkang tjantas poenika, kita matoer noewoen!

Adm. Sw. Tm.

OERAP - SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Griekenland.

Golongan Katoelik dipoen-koeka - koeka.

(Leider Katoelik ingkang kendel mitjara).

Samangké sareng papréntahan Griekenland dipoentjepeng déning Venizelos, bangsa Katoelik (waoenipoen schismatiek, ladjeng wang-

soel dateng Pasamoewan Soetji) saja katingal anggènipoen dipoentjepeng-gring, malah ngantos dipoenkoeka-koeka.

Saleresipoen poenika déné pandamelanipoen Venizelos pijambak, nanging ingkang bakoe pandamelipoen Loge (Vrijmetselarij). Sadaja ministeripoen Venizelos poenika golongan vrijmetselaar.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerahDJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swaras Tama

dapat POTONGAN.

FRIELING'S GLANSVERF A

kanggé ngetjèt ndjawi lan nglebet grija, kantoen ngoesar-
aken kémawon, teroes kénging kaanggé.Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 KILO
sa - blèg 10,50 5,50 3 1,30 0,75 roepijahIjzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen
ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 KILO
sa - blèg 7.- 3,75 2,15 0,95 0,55 roepijah

Loodmenie toelèn, regi oegi sami samanten.

dipoenwadahi tong à 50 kilo, sa-tong F 28,50.

Verffabriek R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN - DJOKJA.

ER
ER
ER
ER
ER

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY - SWIFT - GRUNO - HUMBER - VIALLE -
BURGERS E.N.R. - KROON - NATIONAL - BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESANA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannja.ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja djanang loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang specialia die
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Boliuh datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;

Kereta dan korsi boeat anak - anak;

Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan

— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!Vrijmetselarij poenika sengit dateng
agami, nanging ingkang dipoen-
djeringi pijambak agami Katoelik.
(Jèn katingal boten sengit dateng
agami sanès poenika, namoeng
kanggé politiké kémawon).Golongan Katoelik ing Grieken-
land boten badé kèndel anggènipoen
ndandani agami lan pamoelangan.Toewan Stephanou, directeur kor-
ran Katoelik „Kycladiki” boten
adjrih-adjrih mitjara. Pijambakipoen
gadah pitakènan dateug Venizelos,
nanging ngantos sapraki dèrèng di-
poenwangsoeli. Pitakènipoen ka-
dosta: Sabab poenapa tjang Katoe-
lik dipoenawisi mbikak pamoelangan,sareng tjang Jaedi lan Islam ing
Thraciè dipoenpitoeloengi déning
Nagari? Poenapa Nagari koewatos,
bilih tjang Katoelik boten tjekap
anggènipoen moelang bab tresna
ing tanah-woetah-rahipoen? Toewan
Minister prajogi niti priksa roemi-
jin, ing poendi panggènanipoen
tjalon-tjalon goeroe sami dipoen-
gegoelang, soepados moelang laré-
laré bab ngèlmoe communisme lan
sengit dateng tanah-woetah-rah.Poenapa Nagari boten nglijani
tjangan Katoelik ngedegakan Grèdja
ing Athene lan ing Korfou? Koela
tjangan Katoelik boten neda wewe-
nang moergan, namoeng ingkang
manoet adilipoen. Manawi nagari
teroes-teroes anggènipoen damel
angger - angger ingkang toedjoen-
ipoen njetjenggring bangsa Katoelik,
koela tjangan Katoelik boten badé
kèndel-kèndel ndadani wewenang
koela. Toewan Venizelos, oepami
koela kelampahan tiwas déning pa-
ngowesana pandjenengan ing sawa-
tawis mangsa, inggih boten dados
poenapa, djer koela ngadjeng-adjeng
dateng mangsa saé ing wingking-
ipoen. Toewan Minister, dipoen-
èngèt, Pasamoewan Soetji angsal
pradjandjian lestantoen ing salami-
nipoen, sareng pandjenengan badé
sirna boten bédà kalijan pangowa-
saning bangsa vrijmetselaar. Sadaja
bangsa sami ambroek, Pasamoewan
Soetji pijambak lestantoen madeg
djenggarang. (Njata patohan toewan
Stephanou poenika!).

Itali.

Serat kekentjengan ngrembag
kasoetjianipoen Prof. Contardo
Ferrini.Ing woelan kapengker Secretaris-
ipoen Congregatie der Riten wonten
ing Sala Ducale ing Vaticaan maos
serat kekentjengan ingkang netep-
aken bilih Prof. Contardo Ferrini
kasoetamenipoen kadosta: pangandel,
pangadjeng-adjeng lan katresnan-
ipoen dateng Goesti Allah toewin
dateng sesami, poenapa déné pangat-
os-atos, kaadilan, santosa sarta doe-
gi-doeqi-watawisipoen ngoengkoeli
saking wates.Prof. Contardo Ferrini poenika
sédanipoen sampoen 30 taon ke-
pengker. Soewaoe pandjenengan-
ipoen dados Professor ing babaganRomeinsch recht wonten ing Uni-
versiteit Pavia sarta ing vak poenika
misoewoer sadjagad. Ing taon
1922 prakawis-prakawis, ingkang
toedjoenipoen soepados Prof. Con-
tardo Ferrini kadjoemenengaken
Béato, sampoen wiwit karembag.Serat kekentjengan saking I.S.K.
Santo Bapa ingkang kawaos waoe
mratandani, bilih pangrembagipoen
amrih kadjoemenengaken Béato sa-
èstoe kénging kateroesaken.Mila nalika serat kekantjangan
kawaos, Professor-professor lan stu-
dent-student ingkang sami nenggan
inggih katah.Saking Milaan wonten student
ingkang oegi dateng inggih poenika
ingkang dipoenseboet „goliardici.”
Poenika sami koeploekan sarta koep-
loek waoe mawi dipoenseokani
klinting. Ladjeng saking bingahipoen
sami menjanji menjanjian - student,
dipoenpenging déning Zwitschersche
garde meksa boten ngrèwès, kabekta
saking bingahipoen. Sareng I.S.K.
Santo Bapa rawoeh, noenten sami
soerak-soerak „Evviva il Papa”
(widadaa K. Santo Bapa). Swanten-
ipoen student 50 teka prasasat
student 5000.I.S.K. Santo Bapa ladjeng ngan-
dikakaken soegengipoen Sang Pro-
fessor, djer I.S.K. Santo Bapa roe-
mijin inggih tepang.Bakda poenika ing sijangipoen ing
Universiteit Gregoriana wonten pa-
repatan. Katah ingkang sami sesorah.Tjara Itali ing parepatan kados
makaten poenika kalebetan tjangan
sanès inggih kénging kémawon ka-
dosta: toekang kadjeng ingkang
sampoen roemaos katjekapan ka-
timbang nganggooer, ladjeng mrikoe;
koesir ingkang boten pepadjangan
inggih mrikoe. Mesti kémawon na-
lika wonten sesorah, wonten ingkang
kepok, wonten ingkang mèndel ké-
mawon, margi boten nggatosen,
malah wonten ingkang tilem. Nanging
sareng Prof. Gemelli (Rama Fran-
cisciaan) djoemeneng badé sesorah,
dalasan ingkang tilem, ladjeng pating
djenggèlek, djalaran pandjenengan-
ipoen poenika angger tjangan dalasan
kére, wiwit Milaan doemoegi Roem,
sami wanoeh, kabekta saking mi-
soewoeripoen. (Ing ngriki tetéla
sanget, bilih Kerk oetawi Pasamoew-
an Soetji poenika boten mengsah
dateng wetenschap oetawi kawroeh).

Nederland.

Dados student lan idealisme.
(Studentendag Katoelik ingkang
kaping 15 ing Delft).Nembé poenika ing Delft dipoen-
wontenaken Studentendag Katoelik
ingkang kaping 15. Ingkang rawoeh
Prof. Groenen, moderator „Sanctus
Virgilius”; Dr. G. Vrijmoed O. F.
M; Prof. Granpré Molière goeroe-
loehoer ing Technische Hoogeschool;
Dr. Moller; Dr. Beekman ing Delft;
Prof. Dr. G. Brom; Prof. Dr. Weve
ing Utrecht; Dr. Brouwer ing Til-
burg; Prof. Bransma ing Nijmegenlan Dr. Witlox redaktoer „Maasbo-
de.” Student Katoelik saking pakem-
palaan warni-warni sami nglempak
dados satoenggal oeda-kawis 300.Kadjawi wonten pistan, tooneel
lan sanès-sanèsipoen, student Leo
Jonkergouw lan Prof. Dr.
Weve sesorah bab „Dados stu-
dent lan idealisme.”Manoet Prof. Dr. Weve: Idea-
lisme poenika tegesipoen tresna
dateng toedjoer loehoer tanpa mikir
oentoengipoen pijambak. Margi idea-
lisme, pandamelan limrah dados
loehoer, kirang sarana meksa ka-
doemoegèn ing sedyà, kendo na-
moeng éla-éloe ladjeng dados wanter.
Idealisme poenika kados pandom,
sanadjan gesang kita molah-malih,
éwasamanten adjeg kémawon ang-
gènipoen nedahaken poendi ingkang
dipoenener.Student ingkang njamboet damel
rinten daloe moerih dipoenalem,
poenika saminipoen baji jèn katan-
ding kalijan kantjanipoen ingkang
sinaoe margi remen dateng vak.
Déné student poenika teksih kawon
kalijan student sanès ingkang ke-
péngin mantoen ngelakipoen dateng
kewroeh moerni, lan student sadaja
waoe boten padja-padja jèn katan-
ding kalijan student ingkang kasa-
gedanipoen badé dipoenanggé noe-
loengi sesami. Dalasan student ing-
kang kados makaten taksih kom-
pèren manawi katanding kalijan
student-idealist inggih poenika ing-
kang sadaja pandamelanipoen na-
moeng mligi kondjoe Goesti Allah.”(Mangga sami dados tjangan idealist
kados ingkang kapangandikakaken
déning Prof. Weve poenika).KABAR OEMOEM
INDONESIA

Lotré ageng.

Dipoenkabaraken bilih ing sam-
ganké panjadénipoen lot lotré
ageng redet sanget, sanadjan sam-
poen dipoensetijari ngedalaken sa-
prasakawan lot, éwasamanten boten
toeloeng. Mila kénging dipoentem-
tokaken, bilih ing salebeting taon
poenika boten sadaja lot badé telas
kasadé.Panggebagipoen lotré poenika
pantjèn-pantjènipoen 6 woelan sa-
bakdaning wiwit njadé, dados pan-
tjènipoen bédjeng Mèi. Prisipoen
kados padatan: katjengklong, nan-
ging boten katah kados ingkang
sampoen-sampoen.Poenapa sababing rendet panja-
déning lot? Poenapa margi malaise?
Poenapa margi pris ingkang ageng
pijambak kasoeda? Roemijin f 150
éwoe sapoenika f 100 éwoe?Agenging lotré roemijin 1 joeta,
ladjeng dados 1 1/2 joeta, wosana
ing wekasaning taon 1929 margi
tjangan-tjangan kaseninganipoen da-
teng lotré mindak, noenten dados
2 joeta. Nanging margi moendoer-
moendoer poenika saged oegi la-
djeng wangsoel dados 1 joeta malih.
(Lotré poenika angsalipoen namoeng
adoe oetoe. Menggah oetoeipoen
boten angsal kalijan angsalipoen
katah boten angsalipoen. Leres
kémawon tjanganipoen ingkang sa-
mangké boten toembas lot, djer sa-
poenika mangsa malaise. Langkoeng
prajogi jatra katandjakaken barang
ingkang kénging kapastèkaken saged
ngindakaken ékonomi).Actie nglawan njoeda blandja.
P. P. P. H. afdeeling Mataram kala
Ngahad kapengker poenika nga-
wontenaken parepatan oemoem
perloe angrembag bokmanawi pa-
réntah èstoe ngawontenaken soedan
blandjan.Katarijosaken blandjanipoen amb-
tenaren ngriki poenika adadasar
schaal A. B. lan C. poenika kawas-
tanan boten saé. Manoet pétangan
kala taon 1928,schaal A. tjanganipoen 84.929 ka-
bajar f 52.895.718.
” B. ” 16.203 ka-
bajar f 47.520.720.
” C. ” 8.305 ka-
bajar f 58.683.140.Manawi kaedoen ratjak schaal A.
(Priboemi) tampi bajar alit pijam-
bak; schaal B. (Indo Europeaan)
langkoeng 20% tinimbang A.; schaal
C. (European) langkoeng 30%
tinimbang A. Oetawi golongan A.
ratjak blandja f 50, schaal B. f 250;
schaal C. f 600.Bédaning bajar ingkang ngantos
semanten poenika kamanah boten
adil.Sasampoenipoen karembag da-
ngoe, parepatan damel motie ano-
tjogi pamanahipoen Vakcentrale
kala parepatan ing Soerakarta, i. p.
manawi kepeksa, boten wonten
margi sanèsipoen, ngantos regeering
ladjeng kedah nindakaken pang-
ridan srana ngirangi bajaring amb-
tenaar, soepados golongan schaal
A. poenika boten dipoenkatoetaken,
nanging bédaning bajar schaal A.
B. C. waoe kémawon dipoenalitaken.
Accoord!Kanggé kasangsaran Merapi.
Ingkang sampoem — f 165,58.
Moerid-moerid sekolah-
an kl. II, Simo, Baja-
lali. (Darmanipoen
goeroe-goeroe sam-
poem mlebet ing lijt
darmá Bajalali), — f 1,45.Goenggoeng f 167,03.
Taksih wonten malih? Sampoem
ngantos kantoen!

MANTJA NAGARI.

NEDERLAND. Indische begroo-
ting.Kala ngrembag Indische begroo-
ting bagéjan onderwijs, Minister
Djadjahan S. de Graaf ngandikak-
aken „sakolahan openbaar ora bisa
nglegani kang dadi pandjaloké wong
akèh”: „het openbaar onderwijs kan
niet geven wat velen eischen”. (til-
gram 6 Maart).— Pangandikanipoen
Minister Djadjahan ingkang makten
poenika pantes kita péngeti.
Nanging iba sapinten ngandelonging
manah déné taon poenika Indische
regeering ngirid subsidie kanggé bij-
zondere scholen. Kadjawi poenika
Minister Djadjahan boten notjogi
herordeningsplan.Kala ngrembag bagéjan kasarasan
Minister Djadjahan angandikakaken
oegi prakawis wekdal dangoening
panjamboet damel kanggé pènsipoen
kaeloer doemoegi 50 taon, oegi
dados pamanahanipoen nagari. Rem-
bag ngoeloer diensttijd kanggé pèn-
sipoen waoe medal saking warga
Tweede Kamer mevr. A. E. J. de
Vries Bruins. (S. D. A. P.)INGGRIS. Begrooting perang.
Kanggé taon 1931 poenika be-
grooting kanggé wadyabala daratan
dipoenrantjang 39.930.000 pondster-
ling; manawi katanding kalijan taon
kapengker soeda 570.000 pondster-
ling.Wadyabala Inggris goenggoeng
kempal wonten 148.800 poenika ka-
djawi ingkang wonten Hindoe.Njoeda blandja.
Paréntah Inggris ngadjengaken
motie dateng parlement soeraosipoen
badé njoeda bajaripoen lan pèn-
sipoen para ambtenaar toewin
militair. Anggènipoen njoeda poe-
nika badé anjekapaken begrooting
sampoem ngantos kirang. Déné ang-
gènipoen badé njoeda 20%.

+

R. I. P.

Kekeloenging manah memaning
mripat koela Rr. Agnes Theresia
Oetari, ingkang sanget dinamadama,
kala tanggal 1-3-31 djam 10,30
éndjing, katimbalan ingarsaning Pan-
ngéran pinangkoe ingarsa Dalem Sang
Kenja lboe Marjah, djam 5 sonten
kakoehoer ing kerkhof Blitar. Ing
salebeting kasoehahan poenika koela
boten kasoepèn matoer noewoen san-
get dateng Toewan dokter Stibe,
Padoeka Rama A. Bastiansen, sadèrèk
S. Harjono sekalian toewin para sa-
dèrèk sadaja ingkang sampoem kersa
ngoebanaken sarira wiwit sakit doe-
moenging pangoeboer.

Blitar kaping 3-3-31.

Koela:
R. Soenardja Rahadi
sabrajat.